Муниципальни бюджетни школал хьалхара дешаран учреждени
«Гуьмсан муниципальни к1оштан
Гуьмсе г1алан «Берийн беш №16 «Дахар»

*Проект*
*по патриотическому воспитанию*
*на тему: «Йовр йоцу ц1е»*




**Кечйинарг лакхар кхетош-кхиорхо**
*Салихов Авхьадан Хадижа*

*<u>Бисмиллах1иррохьманиррохьийм</u>*

*...Даймехкан т1амехь*
*шен халкъан кханенан дуьхьа*
*къоналла дIаеллачу сан*
*дедена лерина ду ас хIара могIанаш*
*ишттa къонахий дуккха а хирг хиларх доггах тешаш*

**Проектах лаьцна дош.**

Проектан ц1е: «Йовр йоцу ц1е»
1аморан область: кьамел кхиор
декъашхой: лакхара, ишколан кечамбаран тобанашкара бераш, кхетош-кхиорхой, дай-наной.

**Проблема а, иза кхочуш йар а:**

1. Кхиорхошна нохчийн сийлахь турпалхой ца бовзар;
2. Вайн къомана т1е 1итта елла халонаш ца йовзар.

**Карарчу хенахь мехала лоруш дерг (Актуальность)**

Камел дIадолош, уггар хьалха билгалдаккха догIу «оьздангалла», «Г1иллакх» бохучу дешнийн маь1на. Схьахетарехь, «оьздангалла» бохучу дешан маь1на шуьйра ду «гIиллакх» бохучу дешанчул. Г1иллакх -иза адамаша вовшашца лелочу юкъаметтигийн, гергарлонийн кепаш, куцаш, дозанаш ду. Оьздангалла Далла ечу Iамалца, гонахарчу Iаламца, шен дегIаца, дагца, ойланца стаг цена хилар а ду. Оздангалла дуьххьалдIа х1ора стеган леларехь, амалшкахь гучуяьлла ца Iаш, цуьнан сица, синкхетамца хила езаш а йу. Муха кхоллаелла оьздангалла? Оцу хаттарна тайп-тайпана жопаш ло тайп-тайпанчу Iилманчаша, шайн кхетаме а, шаьш беха юкъаралла кхиъна хиларе а хьаьжжина. Ткъессех шо хьалха йоьхначу советски имперþн Iилманчаша, коман гиллакхаш дуьйцуш, шайн къамел гуттар а дIадоладора: «Халкьо бIешерашкахь кхоьллина шен оьзда гиллакхаш...», - олий. Ткъа со тешна ю вайн дайн дахар довзийтахь шеко йоцуш кхиорхоша дика амалш схьаоьцар хиларх.

"Йовр йоцу ц1е" проект берийн бешара кхиорхошна актуальни а, мехала а ю, хIунда аьлча цо цхьаьнатоьхна бераш массо а агIор кхиорна а, историн иэс лардарна а гIо деш йолу масех коьрта агIо. ДIаяханчу заманан турпалхой бовзаро гIо до тIекхуьучу чкъуран машаран а, патриотизман а мехаллех болу кхетам кхолла. Дерриге а Оьрсийчоьнан дешаран чулацам бу патриотизм. «Патриотизм» бохучу кхетамна чулоцу Даймахке а, ша вина а, кхиъна а волчу латтане болу безам, халкъан исторически кхиамех дозалла дар. ТIеман турпалхойн хьуьнарш лараро бух кхуллу берашкахь патриотически синхаамаш кхоллабаларан. Мехала ду, жимчохь дуьйна доьналла а, оьзда г1иллакхаш а, Даймохк безар а мехала хиларх кхетар. Турпалаллин темаца болх баро аьтто бо берийн синтем а, къинхетам а кхио. ТIеман турпалхойн дахарх а, хьуьнарех а лаьцна дийцарш девзаш хиларо гIо до берашна кхечу адамийн синхаамех кхета а, церан маьIнех кхета а.

Амма тIаьхьарчу хенахь хилла хийцамаш бахьана долуш вайн йукъараллехь ламастан патриотически синкхетам дIабалар кхин а хаалуш ду. Цундела оьшу, ишколе довлале а, берашкахь вайн Даймехкан историх лаьцна йуьхьанцара тешаме ойланаш а, тIейогIучу хенахь иза Iамо шовкъ а кхолла.

ХIинцалерчу берашна шайн даймохкан историх долу хаарш ца тоар а, тIом хIун йу ца хаар а ловш хиларан тидам а беш, мехала ду царна тIамах лаьцна дийцар. Турпалхойн дахар довзар, церан амалш т1е эцар, оьзда г1иллакхаш довзийтар.

«Йовр йоцу цIе!» ц1е йолу проектан Iалашо йу берашна шайн халкъах дозалла даран синхаам кхолларна, тIаьхь-тIаьхьа даймахке а, къоман турпалхойн балхах а безам кхоллабаларна. Цу тайпана кху проектан мехала гIирс бу патриотически синхаамаш кхиорехь, берашкахь эмоциональни хьекъал, кхолларалллин хьуьнарш кхиорехь.

**Проектан 1алашо:** Школе кхачале долчу берашна патриотизм кхоллар, Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIамехь вайн халкъо гайтинчу хьуьнарх дозалла даран синхаам кхиор. Нохчийн турпалхойх, церан майраллех дийцар. Турпалхо Сайпулаев Абдулвахид вовзийтар.

**Проектан декхарш:**

-Вайн халкъан шолгIачу тIамехь толам баккхарехь Турпалхочо Сайпулаев Абдулвахидас лаьцна дакъа довзийтар; шолгIачу тIамехь а, мостагIчун могIанашна тIехьа а дахар адамашна довзийтар;

-ЦIеран тайп-тайпанчу дакъошка шовкъ кхиор .

- ТIеман техниках а, тIеман корматаллашкахь болчу адамех а лаьцна хаарш къастор, шордар;

-Берийн къамел кхиор, иллешца, стихотворенешца, монологашца, тIамах лаьцна диалогашца церан дешнийн хазна хьалдолуш хилар.

- Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIеман ветеран Сайпулаев Абдулвахид а, массо а Даймохк ларбархошка а ларам кхиор.

**Проектан тайпа:**

1) проектан тайпа: хаамийн - кхолларалллин

2) кхочуш йаран хан: йахалла (3 бутт).

**Кхочуш деш долу хьехаран некъаш:**
1) къамел кхиор;
2) йукъараллехь кхетош кхиор;
3) довзаран кхетош - кхиор.

Проектан муьраш
Хьалхара мур - кечамаллин (проект хIоттор),
Хан 02.12.24 - 31.12.24 шо.
Кхетош-кхиорхойн гIуллакх:
-проблема къастор, Iалашо, тIедахкарш хIоттор;
-мероприйатишна перспективан план хIоттор;
-белхан методаш билгалйахар;
-журналш, газетш, киншкаш лахар, харжар.
-интернет ресурсаш лахар.
Цхьаьна ден долу гIуллакх:
-бераш проблеман хьолана йукъадалор, царна улле, кхетаме йолчу гIулч йаккхарехь;
-проектан темина тидам баран берийн лаам тIе бахийтар.
ШолгIа мур - проект кхочуш йар,
Хан 09.01.25-09.05.25шо.

- кхетош - кхиорхошца, берашца, церан дай-наношца кхочуш йан лерина мероприятеш кхочуш йар;

- берийн говзалла, хаарш карадерзор проектан боларехь, тайп-тайпана йолчу белхан кепашца.

КхоалгIа мур - дерзоран,

Хан 11.05.25-27.05.25 шо

- проект кхочуш йаран анализ йар;

- жамIдар;

- кхин дIа а кхетош-кхиорхошна пайденна интернет публикациш йар.

**Сатийсаман хилам:**

*Берашна лерина:*

- *кхиорхойн нохчийн къоман турпалхой, церан дахар довзийтар;*

- ненан мотт безар, турпалхойн г1иллакх, оьздангалла йовза лаам берийн самабаккхар;

- шен къоман исбаьхьаллин кхолларалла, 1адаташ довза, деза лаам кхетош – кхиор; шен мотт, къам лардан лаам кхоллабалийтар.

- нохчийн къоманна х1иттина долу ирча денош диц ца далитар;

*Кхетош - кхиорхошна лерина:*

- кхетош - кхиорхоша, дай - наноша белхан ницкъаш цхьанатохар, ветеранаш махкан толам боккхуш лаьцна дакъа мехалладовзийтар; къоман 1адаташ, ламасташ юкъадалош культура ларйар;

- сина - оьздангаллийца кхетош - кхиоран план х1оттор.

*Дай-наношна лерина:*

- шайн бераш кхетош - кхиорехь дайн - нанойн бакъонаш кхочушъяр; «Йовра йоцу ц1е» ц1е йолу жима музей т1еюзуш дакъалацар.

**Лелийна йолу методически приемаш:**

1) Видео-ролик гайтар;
2) гайтаран г1ирс лелор;
3) автобиографи ешар;
4) керла дешнаш 1амор;
5) «нохчийн къоман турпалхочунна альбом» т1аьхь болх бар;
6) могшалла ларйеш йолу технологиш лелор: сада1аран минот а, п1елгийн гимнастика а.

**Проект чакхйаьлча берийн бисам:**

1) берашна керла дешнаш хаьа;
2) церан гочдар нийса ду;
3) вайн къоман культуран дакъош билгалдоху;
4) берашна вайн къоман турпалхой бовзуьйту.

**Проект чакхйаьлча кхетош-кхиорхойн бисам:**

1) кхетош-кхиорхоша нохчийн мотт бийцар шарделла;
2) берийн дай-наношца йолу йукъметтиг к1еда-мерза йу;
3) берийн бешахь кхетош-кхиорхой нохчийн маттахь беш болу болх алсамбаьлла.

**Проект чакхйаьлча дай-нанойн бисам:**

1) берийн дай-наноша дакъа лацар берийн бешахь алсамдаьлла;
2) кхетош-кхиохойн а, дай-нанойн а вовше йолу уьйр ч1аг1йелла;
3) дай-наноша берашца къоман турпалхойн дахарах, т1амах лаьцна дийцар сов даьлла.

**Проектан этапаш:**

*1 этап* – хало хоттайар;
*2 этап* – кечамаллин;
*3 этап* – кхочушйаран;
*4 этап* – дерзоран (презентаци гойтуш).

*Проект «Йовр йоцу ц1е» этапашца кхочушйар*

| Белхийн этапаш | Болх баран кеп | | | Хан |
|---|---|---|---|---|
| | Берашца беш болу болх | Кхетош-кхиорхошца беш болу болх | Дай-наноща беш болу болх | |
| 1. Хало хоттайар | Хаттам бар: «ТIамах а, турпалхойх а лаьцна хIун хаьа шуна? | Тест йар: «Вайн къоман турпалхой боьвзи шуна?» | Анкета йар: «Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIеман дагалецамаш!» | *09.01.2025 – 10.01.2025 шо* |
| 2. Кечамаллин этап | Г1ирс гулбар: иллюстрациш, турпалхочунна суьрташ, мидалш а, орденаш а суьрташ. | Хьехам бар: «Муха дийца деза кхиорхошка тIеман ветеранех лаьцна?» | Хьехам бар: «Муха дийца деза берана турпалхойх лаьцна?» | *11.01.25 - 13.01.25 шо* |
| 3. Кхочушйаран этап | - турпалхочунна дахарах лаьцна заняти, хьехамаш, керла дешнаш 1амор, сурдилларан къовсам, туьйра дешар, ловзарш;<br><br>- йешаран къовсам «Сан халкъан турпалхо". | Мероприяти берашца Даймохк ларбархочун дийнахь. | Берашна халкъан турпалхойн дахарх, амалех, г1иллакхах лаьцна туьйранаш дийцар, Турпалхойн майралла, доьналла марздеш хьехамаш бар. | *13.01.25 - 17.04.25 шо* |
| 1) Дерзоран этап | Суьртийн гайтам «Сийлахь Турпалхо!» | Къовсам кечбеш г1о дар. | Ц1ахь берашна 1амийнарг карладаккхар, бераш кечбар. | *30.05.25 шо* |

**Проектан план**

| № | Чулацам | Хенаш | Лерина |
|---|---|---|---|
| **Кечамаллин мур** | | | |
| 1. | Мероприятийн план х1оттор. | 02.12.25-31.12.25 шо | Кхетош-кхиорхошна |
| 2. | Темица йог1уш йолу литература лахар, интернет ресурсаш лахар; уьш йовзар. | декабрь | Кхетош – кхиорхошна |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 3. | Занятиш, къамел, мероприятиш х1иттор, буклеташ кечйар. | Январь-февраль | |
| 4. | - у т1ехь хаам бар. Проектан 1алашонаш, т1едахкарш довзийтар;<br>- анкета йар: «Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIеман дагалецамаш». | Январь-февраль | Дай- наношна |
| **Проект кхочушъяран мур** | | | |
| 1. | - коьчал: «Турпалхо Сайпулаев Абдулвахид Сайпулаевич»;<br>- «турпалхочунна дахар» цIе йолчу гайтаман дизайн (экспонаташ, суьрташ, орденш, мидалш). | 13.01.25-17.01.25 шо | Берашна |
| 2. | - хаарийн б1ов: «Вайн къоман турпалхой боьвзи шуна?»;<br>- хьехам бар: «Муха дийца деза кхиорхошка тIеман ветеранех лаьцна». | 19.01.25 шо | Кхетош-кхиорхошна |
| 3. | ТIеман турпалхочух лаьцна «Дагалецамийн альбом» кхоллар;<br>Дидактически ловзар «Муха хила веза турпалхо». | 30.01.25 шо | Берашна |
| 4. | Презентаци «Сан къоман Турпалхой!» | 05.02.25 шо | Берашна |
| 5. | - коьчал: - «Сайпулаев Абдулвахид кхиъна а, ваьхна а йуьрт»;<br>- «Салтичунна яздина кехат». | 10.02.25 шо | Берашна |
| 6. | «Хьехам бар: «Нохчийн къоман турпалхойн оьздангаллин коьрта мехаллаш». | 11.02.25 шо | Кхетош-кхиорхошна |
| 7. | - мероприяти берашца Даймохк ларбархочун дийнахь;<br>- йешархочунна къовсам «Турпалхо». | 20.02.25 шо | Берашна |
| 8. | Суртдилларан къовсам «Сан къоман турпалхо!» | 15.03.25 шо | Берашна |
| 9. | - коьчал: «ТIеман турпалхочун хьуьнарш»;<br>- дидактически ловзар «Диканехь сов валар…». | 20.03.25 шо | Берашна |
| 10. | Дидактически ловзар «Вайн дедайша муха лардина дуьне». | 03.03.25 шо | Берашна |
| 11. | Буклеташ «Муха дийца деза берана турпалхойх лаьцна?» | 28.03.25 шо | Дай-наношна |
| 12. | - дидактически ловзар «Вайн мехкан герб йоьвзи шуна?»<br>- байт: «Т1ом» 1амор. | 07.04.2025 шо | Берашна |
| 13. | Коьчал: «Сийлахь боккхачу т1еман декъахо Сайпулаев Абдулвахид». | 15.04.2025 шо | Берашна |
| 14. | Берашна халкъан турпалхойн дахарх, амалех, г1иллакхах лаьцна туьйранаш дийцар, | 17.04.2025 шо | Дай-наношна |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | Турпалхойн майралла, доьналла марздеш хьехамаш бар. | | |
| **Ерзоран мур** | | | |
| 1. | Проектан презентаци йар педагогийн кхеташонехь. | Май | Кхетош – кхиорхошна |
| 2. | «Дайн кхерч» ц1е йолу жима – музей т1ейузар. | Апрель - май | Дай-наношна |
| 3. | - толаман денна лерина мероприяти;<br>- коьчал: «Вайна дагавогIур волу турпалхо»;<br>- «Йовр йоцу ц1е» ц1е йолу х1олламан т1е кхиорхой бигар. | Май | Берашна |
| 4. | Проектан публикаци йар учреждени сайта т1ехь. | Май | |

**Кхетош-кхиорхошна г1оьнна тIеман гIирсан цIерш, тIеман говзаллаш:**

ГIагI — кольчуга, броня
Палакх — двуручный меч
Шалт — кинжал
Чхьонкар/иг — дубина, палица
Дага — топор
ГIоьмукъ — боевое копьё
ТIулг-Iад — лук
Ширдолг — праща
Зарг/Пхьарс/Турс — боевой щит
Герз - оружие
Эскар – армия
Салти – солдат
Эпсар – офицер
Патарш – амуниция

**Йовр йоцу ц1е:**

Проект «Йовр йоцу цIе» йечу ханчохь нохчийн мотт бийцар алсамдаьлла. Берашна дукkху дешнаш девзина, иштта турпалхойн дахар, амалш, гIиллакхаш доьвзина, тIеман заманахь нохчийн турпалхо Сайпулаев Абдулвахидас лаьцна дакъа доьвзина. Шай Даймехкан, йуьртан, къоман сий лардан дези хаар. Берашна шайн даймахке болу патриотизм кхолла йелла. Проект дIахьош берийн шовкъ шайн мехкан историца, Даймахках дозалла дан.

Хаьржина бераш лакхара тобанера дара, хIунда аьлча уьш цхьажимма хан йаьлча ишколе баха безаш бу. Царна коьрта ду турпалхойн дикалла къаста йа хаар, цунах масалла эцар, дика амалш кхиор.

Кхетош-кхиорхоша а, дайн-нанош лаьцца проект кхочуш йараьхь коьрта дакъа, «Дайн кхерч» цIе йолу музей йузуш гIо дар а, оьшу методически дакъан тIаьхь болх бар.

Шеко йац хIара проект йараьхь хилла баккхийра кхиамаш, сайн корматалла гайта йиш хиларна, цул тIаьхьа сайн цIийрах волу турпалхон Сайпулаев Абдулвахидан цIе йоьвр ца хилар. Хила лаар сан кIеззиг хьегна къа берийн бIошмашкахь пайдехьа а, кхунах масалла оьцийла йолуш кхетош-кхиорхошна. Сан метте болу безам кхоччуш дIагайта аьтто барна баркалла ала лаьа дай-наношна а, хьехархошна а проект кхолларехь дакъалацарна.

**ЖамI:** проектан тIаьхь бинчу балхо гойту нохчийн къоман истори йовза лаар. Берийн майраллех, къонахаллех, оьздангаллех масалла хилийтар, вайн амалш суна кху белхаца церан синах йулар хиларца шеко ца йуьсу, х1унда аьлча бусуба динаьхь хьоьху вайна бераш масалца 1амада дар, ткъа ше къоман сий лардеш ваьхначу турпалохочун дахарца муха хаза йалур йацар и амалш.

Ас Деле доьху: х1ара проект ц1ена ниятца, кхиорхошна пайдехьа хила лаарца цхьана тоьх хилийтар. Везчу Далла хастам беш дерза до ас – Альхьамдулиллах1!

***Пайдаэцна литература***


1. Доьзалан архив
2. Журнал «Стела1ад».
3.Интернет-ресурсаш.
4. Методически пособи «Нохчийн къоман турпалхой».
5. Мациев А.Г. Нохчийн-оьрсийн дошам
6. Карасаев А.Т., Мациев А.Г. Оьрсийн-нохчийн дошам.
7.А. Исмаилов «Дош» ц1е йолу нохчийн-оьрсийн дошам.




ЭНГЕЛЬ-ЮРТ

*Дидактическая игра «Мозайка»*











Спасибо Деду за Победу!
Спасибо Деду за Победу!






Ветеран
Сайпулаев
Абдулвахид Сайпулаевич